



Jidisyè Nyoudjèze

Kijan pou w Depoze yon Plent Kont yon Avoka

Kijan pou w Depoze yon Plent Kont yon Avoka

Pou plis enfòmasyon sou Biwo Etik Avoka a, ale sou www.njcourts.gov epi chèche "etik avoka".

Avoka yo dwe respekte lalwa epi swiv Règ Kondwit Pwofesyonèl yo adopte pa Lakou Siprèm Noudjèze a. Moun ki vyole estanda sa yo ka sijè disiplin k ap varye ant yon avètisman jiska revokasyon lisans.

Biwo Etik Avoka a (OAE) mennen ankèt sou plent konplèks kont avoka yo nan non Lakou Siprèm. Se avoka volontè ki fè pati Komite Etik Distri a Kou Siprèm nonmen ki egzamine plent òdinè yo.

Paske discipline yon avoka se yon bagay serye, li mande evidans - prèv kondwit ki kontrè ak etik - pou jistifye disiplin nan. Yon dezakò onèt sou fason yon ka ta dwe jere - oswa te dwe jere - ka pa konstitye yon kondwit ki kontrè ak etik, menm si rezulta ka a pa satisfezan.

Yon erè pa ta gendwa konstitye yon kondwit ki kontrè ak etik tou. Si erè yon avoka lakòz ou fè yon pèt ou ka rejwenn sa w pèt la nan yon pwosè civil kont avoka a. Men, yon senp erè oswa yon erè nan jijman poukонт li jeneralman pa konstitye yon kondwit ki kontrè ak etik.

Konpòtman oswa pèsonalite se pa menm bagay ak move kondwit etik. Pa egzanp, yon dezakò sou fason yo te jere ka ou an, oswa bòdwo avoka a ka pa ase pou pwouve avoka w la vyole Règ Kondwit Pwofesyonèl yo. Pafwa pwoblèm yo sòti nan yon mank komunikasyon oswa yon malantandi. Ou dwe toujou mande avoka ou pou ba w eksplikasyon konplè si yon pwoblèm ta rive.

Men kèk egzanp ki, si yo pwouve, ka mennen nan yon sanksyon disiplinè kont yon avoka:

- Refize oswa manke ba ou lajan avoka a kenbe pou ou, epi ou gen dwa resevwa, oswa pa ba ou yon rapò kontab ekri konplè pou lajan sa a lè ou mande.
- Toujou pa reponn ak demann ransèyman sou ka w la, pa di w dat odyans yo, oswa pa prezante nan tribunal. Lè pwoblèm nan se sèlman yon mank komunikasyon, dabò, eseye le meyè de ou pou rezoud pwoblèm nan poukонт ou.
- Avoka a bay manti nan yon ka oswa li konseye ou menm oswa nenpòt lòt moun bay manti. Fondasyon pwofesyon legal la se verite ak onètete..

Abitraj Frè

Diskisyon sou frè avoka yo pa anjeneral sijè disiplin paske yo pa toujou enplike move kondwit etik. Kòm yon altènativ a yon pwosè, Lakou Siprèm Noudjèze a kreye 17 komite abitraj frè distri ki rezoud diskisyon sou frè yo lè kliyan an mande abitraj obligatwa.

Règ tribunal yo deklare ke si ou vle depoze yon demann pou abitraj frè, ou dwe kontakte komite abitraj frè a an premye anvan ou depoze yon plent devan komite etik la. Avoka w la dwe ba ou yon eksplikasyon alekri sou fason yo kalkile oswa yo fè w peye frè a lè yo aksepte ka w la.

Kijan pou w Depoze yon Plent Kont yon Avoka

Ou menm ak avoka w la ta dwe diskite nenpòt kesyon ki gen rapò ak frè yo nan premye reyinyon an pou nou tou de ka gen yon konpreyansyon klè sou sa ki pral rive nan ka w la ak konbyen ka a pwobab pou l koute. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou komite abitraj frè a sou www.njcourts.gov/attorneys.

Mezi Disiplinè kont yon Avoka

Mezi disiplinè kont avoka a depann de sikonstans yo ak gravite ofans lan. Gen senk kalite mezi disiplinè: avètisman, blam, sansi, sispanson nan praktik metye a oswa radyasyon.

Depoze yon plent kont yon avoka fèt nan kat etap: depo yon plent, ankèt, odyans, ak revizyon. Ou kapab jwenn pi ba a kèk enfòmasyon konsènan chak etap. Ou kapab jwenn enfòmasyon detaye sou www.njcourts.gov/attorneys.

Se frè anyèl avoka yo peye ki finanse sistèm disiplinè a, se pa kontribyab yo. Manm sistèm etik ak abitraj frè distri a gen ladan yo avoka volontè yo ak manm nan publik la.

Depoze yon Plent

Doleyans yo ta dwe alekri epi depoze bay sekretè komite etik distri a pou distri kote avoka a gen kabinè prensipal li. Lè w fin ranpli epi depoze fòm plent kont avoka a, bay non ak adrès temwen yo, dat yo, ak dokiman enpòtan yo pou sèvi kòm baz pou plis ankèt. Si ou pa rive bay enfòmasyon enpòtan yo ak kopi dokiman enpòtan yo, sa ka lakòz yon reta nan tretman oswa li ka menm fè yo rejte plent ou a.

Ankèt

Sekretè komite a ap egzamine fòm lan pou detèmine si plent lan dwe fè objè yon ankèt. Si yo twouve li dwe sa, sekretè a ap mete ka a sou lis dosye tribunal la epi asiyen li bay yon avoka manm pou fè ankèt la. Ankèt yo konfidansyèl. Yo pral entèvyouwe ou menm epi avoka a. Dapre règleman Tribunal la, ankèt estanda yo dwe fini nan yon delè sis mwa, epi ankèt konplèks yo dwe fini nan yon delè nèf mwa apati dat enskripsyon yo nan rejis la. Sepandan, chak ka diferan epi li ka pran plis tan.

Lè ankèt la fini, y ap soumèt yon rapò bay prezidan komite a, ki detèmine si gen prèv klè ak konvenkan sou move kondwit la. Si se pa sa, prezidan an ap mande sekretè a pou l ranvwaye ka a epi ba ou yon kopi rapò a. Si ou pa dakò ak desizyon pou rejte plent lan, ou ka fè apèl devan Konsèy Konsiltatif Disiplinè a.

Si prezidan an wè gen yon posibilité rezonab pou pwouve kondwit ki kontrè ak etik atravè prèv klè ak konvenkan, y ap prepare yon plent fòmèl. Yo voye plent lan bay avoka a, ki oblige depoze yon repons nan 21 jou apre li fin resevwa plent lan.

Si prezidan komite a wè ke move kondwit la konfòm ak definisyon règ tribunal la sou move kondwit minè ki kontrè ak etik epi avoka a admèt tout move kondwit ki sipòte pa prèv yo, prezidan komite a ka mande Direktè OAE a pou l konsidere si ka a kapab rezoud pa divèsyon. Divèsyon se yon tretman ki pa disiplinè avèk konsantman pou avoka ki admèt vyolasyon(yo) epi ki kalifye pou pwogram divèsyon an. Divèsyon egzije pou avoka a ranpli sèten kondisyon pou adresé move kondwit la epi redwi chans pou l repete move kondwit la. Direktè OAE a dwe apwouve divèsyon an, sa vle di yo p ap discipline avoka a publikman. Pa gen okenn apèl kont desizyon Direktè a pou akòde oswa refize yon avoka divèsyon.

Kijan pou w Depoze yon Plent Kont yon Avoka

Odyans

Si prezidan komite a bay yon plent disciplinè fòmèl, epi avoka a depose yon repons, gen yon odyans devan yon panel ki gen twa manm: de avoka ak twa benevòl.. Manm panèl odyans yo tout sèvi nan komite etik distri yo, ke Tribunal Siprèm lan nonmen. Pwosedi a nan odyans disciplinè sanble ak sa ki nan jijman tribinal. Pwosedi a anrejistre. Yo bay temwayaj anba sèman. Prezans temwen yo ak pwodiksyon dosye yo ka oblige pa manda a. Odyans lan ouvri pou publik la.

Apre odyans lan fini, panèl la delibere epi li pran youn nan aksyon sa yo:

- Li ranvwaye plent lan si li jwenn pa gen prèv klè ak konvenkan sou move kondwit la.
- Li detèmine gen prèv klè ak konvenkan ke avoka a komèt youn oswa plizyè vyolasyon ki nan plent lan. Panèl la apresa rekòmande nivo disiplin pou enpoze sou avoka a. Rekòmandasyon disciplinè yo baze sou règ etabli yo ak ka nan kalite sa ki te genyen anvan. Yo ta soumèt rekòmandasyon an bay Konsèy Konsilitatif Disiplinè a pou pwochen etap revizyon an.

Biwo Etik Avoka a (OAE)

Biwo Etik Avoka a (OAE) mennen ankèt epi pouswiv plent konplèks kont avoka yo nan non Lakou Siprèm. OAE a ede epi sipòte 18 komite etik distri ak 17 komite arbitraj frè distri nan tout eta a.

Ni OAE a ni okenn nan komite etik distri yo pa ka reprezante oswa bay konsèy legal bay yon moun ki depoze yon plent. Si ou kwè ou pèdi lajan nan dosye a, ou pa ka reprann li nan pwosedi disciplinè yo. Ou ta dwe konsilte yon lòt avoka pou diskite sou posibilité pou depoze yon aksyon sivil kont premye avoka a pou resevwa domaj enterè.

Konsèy Konsilitatif Disiplinè(DRB)

Komisyon Konsilitatif Disiplinè (DRB) a sèvi kòm nivo apèl entèmedyè nan sistèm disiplin avoka nan Noudjèze. DRB a egzamine tout rekòmandasyon pou disiplin ki soti nan komite etik distri yo, mèt espesyal pou zafè etik yo, ak OAE.

DRB a emèt desizyon alekri konsènan ka yo egzamine yo, epi voye desizyon sa yo bay Lakou Siprèm Noudjèze pou egzamen final la. T Detèminasyon DRB a sou apèl kont ranvwa plent etik yo ak sou apèl kont desizyon komite arbitraj frè yo definitif, san okenn apèl devan Lakou Siprèm.

Pou plis enfòmasyon, vizit www.njcourts.gov/attorneys/drboae.html, rele 609-815-2920 oswa ekri Konsèy Konsilitatif Disiplinè P.O. Box 962, Trenton, NJ 08625.

Lakou Siprèm ap Revize

Tout ka disiplinè yo definitif apre revizyon Lakou Siprèm Noudjèze a ak depoze yon lòt disiplinè. Lakou Siprèm lan pa oblige swiv desizyon Konsèy Konsilitatif Disiplinè a epi li ka fè pwòp konklizyon li sou vyolasyon yo ak disiplin. Desizyon an vin definitif lè Lakou Siprèm pase yon Lòd ki gen ladan I vyolasyon yo ak disiplin nan. Lakou Siprèm ka bay yon lòd final pou disipline avoka a oswa pou deside ke okenn disiplin pa nesesè.

**Kijan pou w Depoze yon Plent Kont yon Avoka
Fon Monetè Avoka pou Pwoteksyon Kliyan**

Fon Monetè Avoka pou Pwoteksyon Kliyan Noudjèze remèt kliyan yo lajan yo nan ra ka kote yon avoka lè avoka vòlè lajan yo. Fon an fonksyone anba direksyon yon Konsèy Administrasyon volontè ki gen sèt manm. Ekip sèt manm sa a gen senk avoka ak de moun ki pa avoka, yo nonmen pa Lakou Siprèm New Jersey la, epi chak manm gen yon manda 5 an.

Pou yon moun kalifye kòm yon moun ki gen dwa pote plent, fòk gen prèv yon relasyon avoka/kliyan oswa fidisyè avèk avoka a, ansam ak yon "pèt konpansab", ki jeneralman vle di avoka a te kolekte lajan sou non moun ki pote plent lan pou kenbe an fidisyè, epi li vòlè li. Pou plis enfòmasyon, vizite www.njcourts.gov/attorneys/cpf.html

Pwogram Asistans pou Avoka New Jersey (NJLAP)

NJLAP se resous gratis ak konfidansyèl ki ede tout avoka, jij, etidyan dwa, ak gradye dwa nan New Jersey reyalize epi kenbe byennèt pèsonèl ak pwofesyonèl yo. Nenpòt moun ki ka benefisyè sèvis NJLAP yo ka kontakte yo nan 1-800-246-5527, info@njlap.org, oswa vizite sit entènèt yo nan www.njlap.org.

Pou plis enfòmasyon oswa si ou kwè avoka w la te angaje nan yon kondwit ki pa etik, kontakte Liy Dirèk pou Etik ak Fòm Abitraj Frè nan www.njcourts.gov/attorneys/oae.html oswa 1-800-406-8594.

Si ou antre kòd postal vil kote kabinè avoka a ye a, y ap konekte w ak sekretè komite etik distri a pou mande yon fòm doleyans avoka. Fòm nan poste tou sou www.njcourts.gov.

Stuart Rabner
Prezidan Lakou Siprèm

Joanna Barba Jones
Direktè, Biwo Etik Avoka a